


СПОРТ

**Нилъерал кIиабилел**

Стр. 2

ДИН ВА ГIУМРУ

**Аварагасда (с.т.гI.в) аскIор гьарулел адабал**



Стр. 3


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 1 * январь 2016 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*Барка, РабигIул авал*

# МахIачхъалаялда ЛъаратIа районалъул мажлис тIобитIана

**Ахирал соназда гIемерисел районазда ва шагьаразда, лъикIаб Аллагь разияб гIадатлъун билъун буго щибаб соналъ РабигIул авал моцIалда мавлидал, мажлисал, цоги-цоги диналъул бицунел данделъаби гьари. ЛъаратIа районалъги щибаб лъагIел гьоркьоб биччачIого гьабулеб буго тIолабго районалъул мавлид. Гьеб кутакалда нилъ рохизе ккараб ва нильеца кIварабгIан цIикIун кIвар буссинабизе ккараб иш буго. Исанасеб соналъги нилъеца гIадат хвезе биччачIо.**



Диниял суалазул комитеталъул нухмалъулев МухIамад ГIабдурахIманов

Январалъул ичIабилеб къоялъ маркIачIул какда хадуб тIобитIана ЛъаратIа районалъул мавлид. Гьаб хасгьабун РабигIул авалалда гьабулеб буго щайгурелъул гьеб моцI ккола жинда жанив МухIамад авараг (с.т.гI.в) гьавураб ва жинда жанив гьев накълулъараб моцI. Киналго гIалимзабаз рикIунеб буго гьаб моцIалъ щивав чиясе лъикIаб бугин аварагасул хIакъалъулъ (с.т.гI.в) цIализе, гьесул гIумру лъазабизе ва гьесдехун бугеб рокьи цIикIинабизе. Мажлис бачунеб букIана ЛъаратIа мажгиталъул имам ГIабдурахIман-хIажи ГIумаровас. Байбихьизеги мавлид байбихьана гIадатияб къагIидаялъ, киналго гIодор чIаразда баракатаб моцIги баркун, КъурIаналдаса аяталгун сураялги цIалун. КидагогIадин гьаб нухалъги щвана данделъиялде киналго цIаларал, лъайгун хIалбихьи бугел гIалимзабиги, диналде рокьи цIикIарал нилъер районцоялги. Цоял магIарухъа, цогидал хъутабаздаса, лъабабилел цоги рикIкIадал шагьараздаса.



ЛъаратIа райадминистрациялъул бетIер Ражаб Ражабов

ТIоцебе рагIи кьуна Хасавюрт мадрасалъул директор ХIасан-хIажи Сункоевасе. Гьес кьокьго бицана бусурбанчиясе гIелму лъаялъул ва цIалиялъул бугеб кIудияб кIваралъул. КIалъазе цере рахъана МахIачхъалаялъул централияб мажгиталъул цIияв имам Идрис-хIажи Асадулаевги, мажлис жаниб тIобитIулеб мажгиталъул имам, ГIарабустаналдаса МухIаммад абурав чиги. Гьез бичIчIизабуна МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в) суннат гьабиялъул ва гьесдехун бугеб рокьи цIуниялъул. ГIемерал цIикIарал, цIаларал гIалимзаби щвана мавлид тIобитIизе, гьезул киназего рагIи щвезе ккани къокъгьабун, бичIчIулеб ва рекIелъе лъугьунеб хIалалъ вагIза-насихIат гьабизе жигар бахъана киназго.

Жеги гIемерал гIалимзаби кIалъана цере рахъун, гьезда жанив ЛъаратIа районалъул имам МухIаммад-хIажи ГьитIиновги, МахIачхъалаялъул мадрасалъул ректор, Белъелдаса МухIаммад-хIажи ГIабдусаламовги ва гьел гурел цоги цIаларал гIалимзабиги. Гьезул кIалъаязулъ цIакъго гIадамазул ракIазе асар гьарурал хIужжаби рукIана. Масала Белъелдаса МухIаммад-хIажица жиндир вагIзаялъулъ бицана ТIадегIанав Аллагьас дунял бижиялъул хIикмалъабазул хIакъалъулъ.

21 абилеб гIасруялда гIалимзабаз тIатинарурал балъголъаби КъурIаналда ва хIадисазда цереккун хъван рукIанин бицана гьес.

ЛъаратIа районалъул бетIер Ражаб Ражабовас цеве вахъун баркана мажлис гьабиялъулъ квербакъарал киналго муъминчагIазда ва тIолалго бусурбабазда тIаде щвараб баракатаб моцI, гьарана киналго районцоязе талихIгун рекъел ва гьединго районалъул жамагIаталда гьоркьоб цолъи ва гьудуллъи.

Ахиралда цеве вахъана республикаялъул диниял суалазул комитеталъул нухмалъулев МухIаммад-хIажи ГIабдурахIманов. Гьес гьединго баркана районцоязда баракатаб моцI ва живго республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул рахъалдаса баркана. МухIамад-хIажица бицана Рамазан ГIабдулатIиповас республикаялда Ислам цебетIеялъе гьарулел кIудиял хIалтIабазул. Мисалалъе гьес босана Каспийскиялдагун МахIачхъалаялда гьоркьоб балеб бугеб исламияб центр. Гьеб централда жанибе ине буго СевериябКавказалда бищунго кIудияб мажгит, кIудияб мадраса ва цоги исламияб гIелму лъазабиялъе къваргIарал шартIал.

Гьедин берцинаб ва исламияб къагIидаялъ тIобитIана исанаги нилъер районалъул иргадулаб данделъи. Тавпикъ кьеги нилъер районалъул жамагIаталъе ва хасго диниял гIалимзабазе хадусалаги жеги кIудиял ва кIвар бугел данделъаби цIикIинаризе ва районалъул жамагIат диналде, исламалде ахIизе.

Хабар лъикIаб рагIайги.

**Расул АБАКАРОВ**

❁ *Спорт*

# Нилъерал кIиабилел

## Волейболалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат




**Декабрь моцIалъул 25-27 абилел къоязда МахIачхъалаялда тIобитIана волейболалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат. ТIоцебесеб иргаялда тIоритIана къецал щибаб зонаялда ва гъенир тIоцебесеб ва кIиабилел бакIал ккурал командаби рахъана финалалде.**

Финаладе рочIана 8 команда, гьезда жаниб нилъер районалъул тIасабищараб командаги. Дагъпедуниверситеталъул, Табасаран районалъул ва Хунзахъ районалъул командабазда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун, нилъер районалъул команда дандчIвана цIикIун хIалбихьиги махшелги бугеб Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул (ДГУ) командагун. Гьениб нилъер команда къуна ва босана кIиабилеб бакI республикаялда. Гъоркьисеб соналъул чемпионаталда нилъерал рукIана ункъабилеб бакIалда. Нилъер команда данде гьабуна ЛъаратIа спорталъул комитеталъул цIияв нухмалъулев Давуд Рамазановас. Турниралда бищунго лъикIав тIадекIанцIиялъул (нападающий) волейболистги рикIкIана нилъер командаялъул Башир Камалов абурав гIолохъанчи. Баркула ЛъаратIа районалъул жамагIаталда нилъер ракьцоязул лъикIаб хIасил, хадусала тIоцебесеб бакI кквезе гьезие тавпикъги кьеги Аллагьас.

**ЧАКЪАЛОВ**

# Прокуратура сообщает:

## Отдельным категориям граждан положена доплата к пенсии

**В соответствии с приказом Генерального прокурора Российской Федерации №182 "Об организации работы по взаимодействию с общественностью, разъяснению законодательства и правовому просвещению" для привития гражданам уважения к закону, преодоления правового нигилизма, систематического правового воспитания и просвещения населения разъясняем изменения федерального законодательства:**

С 1 октября 2015 года отдельным категориям пенсионеров установлена ежемесячная доплата к пенсии в размере 2500 рублей.

Президентом Российской Федерации издан Указ от 09.12.2015 N 610 "О ежемесячной доплате к пенсиям отдельным категориям пенсионеров"

Доплата к пенсиям, назначенным в соответствии с Законом РФ от 12.02.1993 N 4468-1, установлена пенсионерам, размер пенсий которых не был пересмотрен с 1 января 2012 года при реформировании денежного довольствия военнослужащих и сотрудников некоторых федеральных органов исполнительной власти. При этом указанная доплата:

производится пенсионерам, получающим одновременно 2 пенсии в соответствии с законодательством РФ, только к одной пенсии;

производится одновременно с выплатой пенсий и осуществляется за счет средств федерального бюджета.

На основании вышеизложенного прошу опубликовать указанную информацию на сайте администрации МР «Тляратинский район» в сети Интернет, для привития членам общества уважения к защищаемым правом социальным ценностям, воспитания у них навыков пользоваться конституционными правами и гарантиями и эффективно отстаивать их.

**И.о. прокурора района**
**Георгий САСИЕВ**

❁ *Халкъияб кIалзул асар*

# ГIасрабазул гIакъиллъи

## МагIарулавги къурбаналъе хьолеб дегIенги

Цо магIаруласул букIун буго кIудияб цIаназул рехьед. Къурбаналъе хъвезе бачун буго кIудияб, лъикIаб дегIен. Дибирас гарбида нус бахъараб го дагIница хьирхьидун, чIучIадун, борчIизе гIамал гьабураб мехалъ, ццин бахъарав бетIергьанчияс чIаха болъонилан абун буго.

-Огь, дуца болъонилан цIарги лъун гьанже гьеб къурбаналъе бегьуларин гьумер букIкIун буго дибирасул.

-БегьичIони цогидаб бачилин ун вуго магIарулав. Ккун буго гьес дагьабги лъикIаб дегIен, амма гьебги доб цоябгогIадин кодоса борчIизе, гIассиял гьаркьал гьаризе лъугьун буго. Гьеб мехалъ бетIергьанчияс дагIнил гIинде щурун буго: «Абизе бегьулебани мунги буго добго болъон»-абун.

## ГIакъилав васги инсул тушманги

Цо пуланаб росулъ кIиго чи кьалда ккун цояс цогидав чIван вуго. Гьеб мехалда аскIов вукIун вуго чIварасул гьитIинав васги. Соналдаса сональде цIикIун буго чIвадарухъанасул рекIелъ хIинкъиялъул асар. ТIаде гIунтIанила цо къо, гьесда жиндирго сагIат тIаде щванилан ккараб. Гьес халшал гьабунила туманкIалъул, чархида ккунила ханжар ва цIадухъги кIусун туманкIалъе гулла-хер хIадуризе жуванила. Гьениб кканила талихI кьараб ишги, кьвагьи бахъанила, цIа кканила. Гьеб заманалда гьесул рукъалда аскIоса унев вукIанила цо гIолохъанчи, чIичIидулел гьаркьал рагIун вортанила рокъове. ЧIарбида гевегдахъулев вукIанила цIаялъ вухIулев чи. ГIолилас хантIан гьесда тIаде буртина реханила ва цIа свинабунила.

Гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ хехго тIибитIанила хабар. Лъанила гьев гIолилав гьес чIварав дов чиясул вас вукIаравлъи. Амма лъидаго бичIулеб букIинчIо щай гьес жиндирго тушман хвасар гьавуравали. Сахлъараб мехалъ хвасарлъарав уна гIолиласухъе ва абунила: «Гьаб ханжаралъ чIвана дица дур эмен. Ма, чIвай гьанже дуца дунги ва бащалъила нилъ»-ан бегьанила гьесухъе ханжар. ГIолилас цунила ханжаргун бегьараб квер нахъе.

-Щай дуца чIваларев дун?-абун гьикъанила гIолиласда. – Щайгурелъул-ян жаваб кьунила гIолилас, гьебго гьаригун дур васасухъе дун инее ккечIого вукIине.

## МагIарулазул абиял ва гьари-рахьиял

Рокьи карай кочIохъанлъун яхъуна. Эбел хвани кьегIер, харде буссуна. Рокьи карай яс кьералъ бицуна. Тушманасул бетIер нах бахъун кьотIе. Гьумер битIун бугилан тушманасда божуге, жинисан бигун букIунеб. ЧIужуялъул лъикIлъи-сахлъи. Мехтун велъарав, вигьун гIодула. МацIалда ракьа гьечIо, амма гьелъ ракьа бекула. Макка-Мадинаялде анилан яман яхшилъиларо. РагIи баччуларес зар баччула. Черхалда ракI чIоге чи данде ккезе гурин. ЧIухIи хIелкие те, хIинкъи гIанкIие те. Кьолбодаса чIухIуге, гьунараддаса чIухIе. Бугъица абурабила, гIонккол бадиб бугебщинаб тIатIийилан. Цониги эбелалъ къадарав вас гьавуларо, жинцаго къадараб гIамал ккевчIони.

## Тутидул гъветI ва гьелъул балъголъи

Цо чиясул букIанила тутидул гъветI. Гьес гьеб кьотIизе гIолохъаби ахIун руго. Гьеб бахIараб гъветI кьотIизе кIоларилан абун буго гIолохъабаца. Гьеб мехалъ гьев чияс жинцаго кьотIун буго тутидул гъветI. Гьес гъветI кьотIун бахъарабго дунял лахIчIегIерлъун бачIун буго ва цIергун цадахъ кутакаб цIад бан буго. Заманго иналде гьев чи хун вуго. Аби буго бахIараб тутидул гъветI кьотIани чи холилан ялъуни балагь бачIулилан.

## Росги, лъадиги, эбелги

Эбелалъе йокьуларей яс ячуней йикIун йиго васас. Гьеб мехалъ эбелалъ васасда абун буго: «Эбел йихьун яс яче, гIала бихьун чу босе, чи вихьун ретIел лъутIе»-абун. Гьеб суалалъе яс йокьарав васас гьадинаб жаваб кьола: «Зурмил гIайиб бахчула кьолоца, гьабил гIайиб бахчулила лъараца, лъел гIайиб бахчулила цIороялъ, лъадул гIайиб бахчулила рокьиялъ»-абун.

## Эменги, васги, хьопги

Цо чиясул вукIанила цохIо вугев вас. Инсуца гьев цо вугин абун, бокьараб гьабизе виччан тун вуго. КIудияв гIураб мехалъ вас квердасан ворчIун вуго ва бахьикъосарав лъугьун вуго. Гьабизе жо тIагIарав инсуца, херав мадугьаласда гьикъун буго: «Щиб дица гьабилеб васасда?»-абун.

-Хьопода кьуричIони, тIилида кьуризе кIоларо-ян жаваб кьун буго херас.

## ГIорцIен ва наслу

НухIил гамиде щибаб рохIчIагоялъул кIи-кIиябги бачун, нахъе хутIарабщинаб рухIчIагоалъиялде лъимги тIаде кIанцIун гьанкъулеб мехалъ, щибаб рухIчIагоябщиналъ жидер тIинчI бетIералда тIад ццурабила. ГIорцIенин абуни жиндирго тIинчIги гьоркь лъун жибго гьелда тIаде бахъарабила. ТIинчI хвеялъул гьелъие ургъел ккечIила, жибго хвасарлъиялъул гуреб. Гьелда ццим бахьун Аллагьас гIорцIемалъе наслу кьечIила ва гIамалги мекъаб кьурабила.

## МагIарулазул биценал

Жакъа мун велъарав метер дуда тIад велъизе вуго. Чорхол гьава цIикIарав цо хIалалда хутIуларо. Чанги чIухIарав чIегIераб ракьалъ асир гьавуна. Ханжар цIулал бугониги гIола ракI маххул бугони. Квешав чиясе гьабураб лъикIлъи, гьойдуе гьабураб хьит. Квешав-залимав чиясе хIелиги хIамие икрам гьабиги цо жо. Къаркъала херлъула ракI херлъуларо. Херав чиясул анищал хабалъе унел. ТIегь балареб гьотIоде наялги руссунаро. Дунял лъикIаб жо буго, амма бищунго анищщан ккараб мехалъ анибго тезе кола. Хьандон гIадамал холе лани ярагъ кьваригIунароан. ЛъикIлъи хIехьолареб цIеца вехьасул тIил хIехьола. Царалаб гьалбацIида рекъоларо.

**Сайпудин ШЕЙХОВ**

*Дин ва гIумру*



**Иманалъул асар чорхолъ бугев бусурбанчияс, хIалкIвараб яхI бахъизе ккола гIаламалъего рахIматлъун витIарав Аллагьасул хирияв Расул (с.т.г1.в) кIодо гьавизе, гьесул адаб цIунизе. Бищун чара гьечIеб адаб ккола – гьев лъай. ТIадегIанав Аллагьас гьесдаса хирияб щибго жо бижичIо.**

# АВАРАГАСДА (с.т.г1.в) аскIор гьарулел адабал



Инсаниятальул тарихалда жаниб цониги чи лъугьинчIо свалат-салам лъеяв аваргIан халкъалъ кIодо гьавулев, жиндиргIан гIатIидго халкъалъ тарих ва гIумру лъазабурав чи. Инсаниятальe лъикIабщинаб жоялъулъ бищунго тIадегIанаб мисаллъун вукIана гьев, вукIинеги вуго. ТIадегIанас гьесие кьуна лъиего кьечIел чIахIиял ва гIемерал мугIжизатал: моцI хъвалхьизаби, гамачI кIалъазаби, унтарал чагIи сахлъизари, килщаздаса бодуе гьекъезе гIураб лъим бакки ва цогидалги.

Лъиего кьечIеб гIицIго гьесие кьураб, мугIжизатазулги бищунго кIудияб мугIжизатлъун ккола хирияб Къуръан. Гьеб ккола дунялальулго гIадамалги жиналниги ургъаниги жинда релъараб жо ургъун бажарулареб мугIжизат. ГIарасат майданалда киналго аваргзаби, хIатта Улул ГIазмиян жидеда абулел бищунго хириял аваргзабиги хIинкъараб къоялъ, тIоцебе шафагIаталъе изнуги щолев, шафагIатги гьабулев, гьебги къабуллъулев чи цохIо хирияв МухIаммад авараг (с.т1.г1.в)гурони вук1ине гьечIо. Гьеб къоялъ гьесие рецц гьабизе буго цере аразги, хадур рачIаразги, женазги, гIадамазги, малаикзабазги. Адам аваргги (гI.с), гьев гуревги киналго аваргзабиги гьесул байрахъалда гъоркь чIезе руго.

Алжаналда жаниб Василат абун цIар бугеб, цо гурони жиб гьечIеб макъамги ТIадегIанав Аллагьас свалат-салам лъеяв хирияв аварагасе хас гьабураб буго. Лъиего кьечIеб МигIражги, Аллагь вихьулеб макъамги кьун, Аллагьасул хIикматазде ваккаравги гьев гурони лъугьинчIо. ГьевгIан гурхIулев, уммат хирияв, халкъалъе пайда гьабурав инсан вижичIо. Гьев Маккаялда гьавуна, Мадинаялда вукъана, эбел – Аминат, эмен – ГIабдуллагь, мацI – гIарабияб, кьибил – гьашимияв, тухум – къурайшияв. ГьитIинго эбел- эмен хун ятимлъана, гьитIинаб къоялдасаго квешлъиялдаса цIунарав вукIана, божарав, аминияв, битIун бицунев вукIана. КIикъого сон тIубайгун Аллагьасул рахъалъан вахIю рещтIана ва расуллъун витIана, къоло лъабго соналъ халкъ диналде ахIана, гъазаватал гьаруна. Авараглъи кьун хадуб 11-абилеб соналъ гьев МигIражалде вачана, 13-абилеб соналъ Мадинаялде гьижра гьабуна, 23-абилеб соналъ хвана, холеб мехалъ гIумруялъул 63 сонги тIубан букIана.

**Хирияв Расуласул (с.т.г1.в) руго нилъеца цIуничIого гIоларел гIемерал адабал, гьездасан ккола:**

1. Гьесул цIар адаб-хIурматгун рехсей.

2. Гьесул хирияб цIар рехсанщинахъе, хъванщинахъе гьесде ссалат битIи. ХIадисалда буго: **«Къарумав чилъун ккола, дир цIар рехсолеб рагIун хадуб диде салат битIичIев чи»**, - абун. (ХIадис бицана Тирмизиясги ХIакимицаги цогидазги).

3. Адабалдаса ккола гьесул цIар рехсон течIого, цадахъ ккезабизе "Аллагьасул Расул", "нилъер Саййид" абурал рагIабиги, гIицIго МухIаммадилан абун тей – адаб теялдасан ккола.

4. Гьесул адаб тей ккола хирияб цIар хъвалаго тIубараб салават хъвачIого къокъ гьабун хъван тей.

5. Гьединго гьесул адаб гьабиялдаса ккола ва тIадабцин буго, щивав балугълъарав чияс лъазабизеги, гьитIинаб къоялдасаго байбихьун лъималазда малъизеги жинда свалат-салам лъеяв хирияв наслу-насаб, аварагасул (с.т.г1.в) тухум- кьибил, гьавураб, вукъараб бакI, гьесул умумузул, лъималазул, гьес рачарал руччабазул цIарал, къокъабго гьесул гIумру, гъазаватал, мугIжизатал, МигIраж ва цогидабги.

6. Гьесде кидаго хIалкIварабгIан гIемер салават битIила. Хирияб хIадисалда абулеб буго: **«Къиямасеб къоялъ бищун диде гIагарав чи – диде бищун гIемер салават битIулев чи вуго»**, - абун (Тирмизи, Ибн ХIаббан).

7. Гьесда аскIор гьарулел адабаздасан ккола гьев вокьи. Гьев вокьизе ккола жиндирго нафсалдасаги, агьлуялдасаги, боцIудасаги, киналго гIадамаздасаги. Бухариясги Муслимицаги бицараб хIадисалда буго: **«Нужер цоясул иман камиллъуларо гьесие дун жиндирго лъималаздасаги, эбелинсудасаги, киналго гIадамаздасаги цIикIкIун вокьичIого»**, – абун.

8. Хириясда аскIор гьаризе ккolел адабаздасан ккола гьесул агьлу, гIагарлъи бокьи, кидаго "Аллагь разилъаги, - ян” гьезие дугIа гьаби. Имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго, свалат-салам лъеяв МухIаммад аварагас жиндирго инсул вац ГIабасида абунила: **«Дун гьедула Аллагьасул цIаралдалъун, бусурбанчиясул рекIелъе иман лъугьунаро, гьесие нуж Аллагъасе гIололъунги, Гьесул Расуласе гIололъунги рокьичIони»**, – абун.

9. Адабалдасан ккола гьесул асхIабзаби рокьи, гьезул цIар бахъанщинахъе «Аллагь разилъаги» абун гьезие дугIа гьаби, ТIадегIанав Аллагьасда аскIор гьел гьездаса хадур рачIарал бусурбабаздаса хириял рукIиналда ракIчIезаби, аварагасде (с.т.г1.в) бит1улеб хирияб ссалаталъулъ гьелги гIахьал гьари. Тирмизиясги АхIмадицаги бицараб хIадисалда буго: **«Нуж Аллагьасукьа хIинкъа дир асхIабзабазул хIакъалъулъ, дун хун хадуб нужеца гьел гIужие гьоге (гьел какуге). Гьел рокьарав ккола дунги вокьун гьел рокьарав чи, гьел рихарав ккола дунги рихун гьел рихарав чи, гьезие къварилъи гьабулев ккола дие къварилъи гьабулев чи, дие къварилъи гьабулев ккола ТIадегIанав Аллагьасе къварилъи гьабулев чи. ТIадегIанав Аллагьасе къварилъи гьабулев Гьес гьалаг гьавула».**

10. Адабаздасан ккола, свалат-салам лъеяв хирияв Расуласдасан кинабго жоялъулъ мисал боси. Ахираталъул букIа, дунялалъул букIа, кинабго, гьес гьабухъе гьабизе жигар бахъи. Аллагь разилъаял асхIабзабаз гьес гьабурабги абурабги кинабго жо халкъалъухъе щвезабуна, хIадисазул тIахьазда гьеб рехсонги буго. Гьесул щибаб иш букIа, абураб рагIи букIа, гьабураб гIамал букIа – тIолабго инсаният бищунго тIадегIанал даражабазде рахиналъеги дунял- ахираталъул талихIалде щвеялъеги мисаллъун букIана. Гьесул гIодов чIей, тIаде вахъин, кьижи, квана- гьекъей, ретIел ретIин, кинаб бакIалда гьес щиб гьабулеб букIараб, щиб цIалулеб букIараб батаниги, кинабго гьес гьабухъе гьабизе ккела.

11. Адабалдасан ккола, Аллагь жидеда разилъаял, гьес рачарал руччаби рокьи ва гьел улбуллъун рихьи, гьезул цIар бахъанщинахъе "Аллагь разилъаги", - абун гьезие дугIа гьаби.

12. Адабаздасан ккола гьесул суннаталда тIадчIей гьаби, хвезе тараб гьесул суннат чIаго гьаби. Къуръаналда абулеб буго (магIна): **«Дуца абе: «Нуж ратани Аллагь вокьулеллъун, нуж дида нахърилълъа, нуж Аллагьасе рокьизе руго, нужер мунагьалги чуризе руго»**, (Сурат «ГIимран», аят 31). Адабаздасан ккола аварагасул (с.т.г1.в) гIадамаз рехун тараб суннат чIаго гьаби, гьеб чIаго гьабурав чиясейин абуни кIикъоялда анцIго шагьидасул кири хъвалилан хIадис буго.

13. Адабаздасан ккола гьесул хирияб хIадис рагIараб куцалда, хисизабичIого халкъалъухъе щвезаби. Абудавудицаги, Тирмизиясги, ибну Мажигьицаги бицараб хIадисалда буго: **«Аллагьас гьумер берцин гьабеги, дица абураб жоги рагIун, рагIараб куцалда гьеб цогидазухъе щвезабурав чиясул»**, – абун.

14. Адабаздасан ккола, гьесул хIадис цебеккун чанцIулго рагIараб бугониги, тIоцебе рагIулеб мехалъ гIадин, гIащикъго гьелъухъ гIенеккиги, гьеб тIоцебе рагIулеб мехалъ гIадин, къабул гьабиги.

15. Адабаздасан ккола, гьес щиб нилъеда бицун батаниги гьеб жо хIакъаб, битIараб букIиналда ракIчIезаби. Хирияб Къуръаналда абулеб буго (магIна): **«Гьев авараг(с.т.г1.в) к1алъалев гьечIо гьаваялдасан (ракIалде ккара-ккараб жоги абун нафсалъе бокьараб жоги бицун), гьес бицунеб гьесде рещтIараб жо Аллагъасухъа вахIю ккола»** (Сурат «Нажм», аят 3).

16. Адабаздасан ккола гьес нилъеда амру гьабурабщинаб нилъее дунял- ахираталда пайдаяб букIиналда ракIчIезаби ва гьес нилъее нагью гьабураб (гьукъараб) нилъее дунялахираталда заралияб букIиналдаги ракIчIезаби. Ибну Абидуняца бицараб хIадисалда буго, свалат-салам лъеяв аварагас абунила: **«Дица цониги жо нахъе течIо нуж алжаналдеги гIагар гьарулеб, жужахIалдасаги рикIкIалъизарулеб, гьеб гьабеян гьелдалъун дица нужеда амру гьабичIеб. Гьединго, цониги жо нахъе течIо нуж алжаналдасаги рикIкIад гьарулеб, жужахIалдеги гIагар гьарулеб, гьеб жо рехун теян абун дица нужее нагью гьабичIеб».**

17. Адабаздасан буго свалат-салам лъеяв хирияв авараг нилъеда нилъерго эбел-инсудасаги гурхIулев вукIиналда ракIчIезаби, гьесие жиндирго рухIалдасаги уммат хирияб букIиналда ракIчIезаби. Къуръаналда буго (магIна):



**«Муъминзабазде кутакалда рахIму бугев, гурхIулев»**.(Сурат «Тавбат», аят 128). Хирияб хIадисалдаги буго: **«Дирги нужерги мисал – цIа бакарав чиясул мисал буго: кIкIараби, тIутIал гьелде тIаде рортун гурони чIоларелъул гьел жинца нахъе тIуризарулев, бакьулъаги ккун цIадаре ккеялдаса нахъе нуж рехулев дунги, кодоса рорчIун жанире кIанцIун гурони чIеларилан лъугьарал нужги»**, – абун. (АхIмад Муслим).

18. Гьесул адаб цIуниялдасан ккола нилъеца щиб жо гьабуниги, гьесул нилъеда тIад бугеб хIакъ (налъи) нилъеца борхунгутIиялда ракIчIезаби. ТIадегIанав Аллагьас нилъее кьурал нигIматазул бищунго тIадегIанаб нигIматлъун ккола Аллагь нилъеда лъайги нилъехъе Къуръан рещтIинги, исламияб дин бачIинги. Гьеб кинабго нилъее щвана хирияв МухIаммад авараг (с.т.г1.в) гьоркьовги ккун.

19. Гьесул адаб цIуниялдаса ккола ТIадегIанав Аллагьас гьесие кьураб хIакъикъияб хиралъиялдаги камиллъиялдаги, тIадегIанлъиялдаги Аллагь тун батIияв щивго нахъгIунтIунгутIиялда ракIчIезаби. Щай абуни, гьесда нахъгIунтIизе ккани гьесул даражаялде вахарав чи вукIине ккола, гьединав чи Аллагьас я жиназда, яги гIадамазда, яги малаикзабазда гьоркьов цониги вижичIо. Хирияв аварагасул (с.т.г1.в) хиралъиялъулги адабазулги нилъеда бицун хIал кIоларо. гьесул суннат цIунизе, Аллагьас гьесде гIемер ссалат битIизе, гьев вокьизе киназего тавфикъ кьеги! Киназего гьесул шафагIатги щваги, гьевгун Къиямасеб къоялъ цадахъ рахъинареги, Фирдавсалдеги лъугьинареги!

Амин.

**МухIаммад ГIАБДУЛАЕВ**

*пенсиялъул хиса-баси*

## ХIукуматалъ хIукму гъабуна

**2018 соналде щвезегIан пенсиялде унеб ригьалда хиса-баси гьабизе гьечIо**

Ахирал соназда гIемер бицунеб буго пенсиялде унеб ригь цIикIкIинабизе ккеялъул. Пачалихъияб статистикаялъул федералияб хъулухъалъул баяназда рекъон, 2015 соналда ригьалде рахиналда бан пенсия щолеб букIана 34,4 миллион чияссе. Ахираб щуго соналда жанибин абуни, гьединазул къадарги тIадеялдаса тIаде цIикIкIунеб буго. Масала, лъагIалида жаниб 400 азарго чиясдалъун. Гьадинаб хIал цIунун хутIулеб бугони, 2050 соналдехун улкаялда бащалъизе буго хIалтIулезулги пенсия щолезулги къадар. Гьеб хIалалдаса рорчIизе ккани чара гьечIого пенсиялъул ригь цIикIкIинабизе кколин абула цо-цо экспертаз. Лъидаха лъалеб, гIагараб заманалда жаниб улкаялда пенсиялде унеб ригь цIикIкIннабизе бугищ - гьечIишали?

* * *

РФялъул захIматалъул ва социалияб рахъалъ цIуниялъул министр Максим Топилинил пикруялда рекъон, гьединаб гали тIамичIого рорчIизе рагIуларо. Амма гьеб къагIида гIумруялде бахъинабизелъун хIажалъизе бугила кIиго –лъабго сон.

Улкаялъул хIукуматалъул вице - премьер Ольга Голодецицайин абуни лъазабуна 2018 соналде щвезегIан гьеб масъалаялъул биценго букIине гьечIин.

"2018 соналде щвезегIан пенсиялъул ригь цIикIкIинабизе хIукуматалда ракIалда гьечIо. Амма гьелдаса хадуб гьеб цIикIкIинабиларинги абизе кIоларо. Гьеб гьабулеб заман тIаде щведал, гьабизеги буго дагь – дагь ккун.

ХIакъикъаталдаги гьеб гьабичIого гIолеб хIалги гьечIо. Щайгурелъул, улкаяда ругел пенсионеразул къадар цIакъго гIемерлъун буго. Масала, хIалтIулев 120 чиясде тIаде кколев вуго 100 пенсионер. Европаялъул улкабаздайин абуни 150 хIалтIулев чиясде тIаде ккола 100 пенсионер", - ан бицана хIукуматалъул вице-премьералъ.

РФялъул Финансазул министерствоялъул баяназда рекъон, пенсия¬лъул ригь цIикIкIинабичIого теялъул хIасилалда, бюджеталъе кколеб зарал бащалъулеб буго 250 млрд гъурщида.

*сахлъиялъул бокIон*

## ГРИПП

РФялъул Президентасул нухмалъиялда гъоркь, кIудияб кIвар кьолеб буго гIадамазул рукIа – рахъиналда ва хасго гьезул сахлъи цIуниялда тIад. Гьеб нилъеда бихьулеб буго ахирисел соназда сахлъи цIуниялъул идарабазда тIад гьабулеб цIикIкIараб харжалдалъун ва тIалабалдалъун.

Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда тIадаблъун буго гIадан унтиялде данде гьарулел хIалтIаби цIикIкIинаризе. Гьелда хурхун, бищун цебесеб ва цIикIкIараб хIалтIилъун рикIкIунеб буго гIадамазда гъоркьоб гьабулеб санитариябгун бичIчIикьеялъул хIалтIаби.

Гьаб кинабго тIадехун рехсараб хIалтIи цIикIкIараб къадаралда гьабизе кколеб рахунел унтабазул цояблъун ккола - грипп. Щибаб соналъ гриппалъ унтула 10 – 25% киналниги гIадамал, цIакъго цIикIкIараб заманаялъ 50%.

Гриппалъ унтизарула хасаб микробалъ (вирусалъ) электроннияб микроскопалда гъоркь гурони жиб бихьулареб. Гьеб тIобитIизе гьабулев чилъун, ккола унтарав чи.

**ГРИППАЛЪУЛ ГIАЛАМАТАЛ**

Унти байбихьула тохлъукьего, бетIер унтиялдасан, гьаризе гьавула, рухI дагьлъула, ччорбал унтула, температура бахуна 39 – 400 гьедин чIола 4 – 6 къоялъ, гьабулеб даруялъухъ балагьичIого гьелдаго хадуб мегIер къала, чвахула, щекьер унтула, магIарзухъа бигицин бачIине бегьула, хъехIи щола. Къокь гьабун абуни, черхалъул киналниги лугбазда, рекIедасан байбихьун хиса – баси ккола.

ЦIакъго захIмалъула гриппалъул унти гъоркь цойги батIияб унтиялъ унтарав чи вугони (масала туберкулез, ревматизм) жиндир заманалда дару гьабулеб гьечIони, сахлъизе захIмалъизе бегьула.

Цо – цо гIадамал гриппалдаса хадур рагIи рагIуларого, хъехIи къотIуларого рукIуна цIакъго захIматго унтарал хвезеги бегьула хасго ракI унтарал ва цоги захIматаб унтуца унтун рукIарал.

Гриппалъ унтарав чи ине бегьуларо поликлиникаялде, гIадамал ракIарараб бакIалде, данделъабазде, мажгиталде, кино - концерталде, хасго гIисинал лъимал цIалулел школазде ясли – ахазде.

Лъимал унтани гьелги рокьор тезе ккола. КIочон тезе бегьуларо гриппалъул вирус цогидазде бахине бегьула I,5 – 3 метраялъул рикIкIада вугев чиясдеги. Унтарав хъехIданиги, гIечданиги ва хIацIу тулеб бугониги гьелъул тIираби чиясдеги щвезе бегьула гьединлъидал жиндирго кIалалда ва мегIералда цебе квербацI чIвазе лъикIаб ва тIадаб буго.

Унтарав рокъов вугев рокъобе къоялда жаниб 3 – 4 нухалъ цIияб гьава биччазе ккола 30 – 40 минуталъ, щайгурелъул цIияб гьаваялъ вирусал хвезе гьарулелъун. Унтарасул букIине ккола жиндирго гIучI, гьуд, гьадаро цогидазда гьоркьор жубачIого рацIцIад гьаризеги ккола (гьализе гьарула).

Унтаразда гаргадизе, къочизе бегьуларо, гьесул ратIлида тIагIелазда хьван хадусала кверал чуризе ккола сапунги бахун. Унтарасул квербацI, полотенце ва цогидаби чуризегIан цебе 0,2 – 0,5% хлораминалъул лъелъ сагIаталъ тезе ккола ялъуни гьалдезе гьабизе ккола хасаб лъамалъи гьорлъ бугеб лъеца (I кIудияб гьуд хлоралъул ва гачил лъел ведроялде жубан).

Ахиралдаги абичIого гIоларо кинабго жо бараб буго, тIоцебесеб иргаялда рацIа – ракъалъи цIуни рокьоб, азбаралда ва къотIноб, кIиабизе гриппалде данде руго хасал уколал, гьел гьарула щибаб соналъ ноябрь ва декабрь моцIазда. «Гриппол» цо нухалъ жинца гьабурав чи гриппалъул захIмалъабаздаса цIунула.

АбичIого гIоларо свиной гриппалъул А (HI NI ) гьеб диагноз лъезе кканани унтарав чи вукIине ккола гьеб диагноз чIезе гьабурав чиясда аскIов цо анкьалъ цеве яги гьев чи ун вачIун вукIине ккола заграницаялдаса.

Гьал тIадехун рехсарал тадбирал цIунани, гриппалъ унтичIого яги бигьаго унтун тIубала.

*спорт*

## МахIачхъалаялъул чемпион

**Декабрь моцIалда тIобитIана кверазул къуваталъул хIалбихьиялъул рахъалъ (армрестлинг) МахIачхъалаялъул чемпионат.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Гьенеколоб росулъа МухIамад ЗайнулгIабидовас. Гьев ккола Дагъпедуниверситеталъул историкияб факультеталъул студент. МухIамад цеве вахъана 65 кг цIайиялда. Киналго дандчIваразда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун МухIамад вахъана МахIачхъалаялъул чемпионлъун. Бокьун буго нилъер районалъул жамагIаталда баркизе МухIамад ЗайнулгIабидовасул бергьенлъи. Биччанте МухIамадил гьаб бергьенлъи жеги кIудияб бергьенлъабазул цебехъанлъун букIине.

**ЧАКЪАЛОВ**

## Россиялъул чемпион

**Октябралъул 23-25 абилел къоязда Новосибирскиялда тIобитIана дзюдоялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат, канлъи дагьал спортсменазда гьоркьоб.**



Гьениб гIахьаллъи гьабуна ЛъаратIа районалъул ЧIилда росулъа Шамиль МухIамадов абурав гIолохъанчияс. Гьев цеве вахъана 73 кг цIайиялда. ХIалуцараб ункъо дандчIвайги гьабун Шамиль вахъана Россиялъул чемпионлъун. Хасго захIматаблъун ккана Шамилие финалияб дандчIвай. АнцIго секунда дандчIвай лъугIизе хутIараб мехалъ Шамилица гьабуна Вазари ва рехана дандияв.

Гьедин Шамиль вахъана Россиялъул чемпионлъун. Баркула ЛъаратIа районалда нилъер ракьцоясул кIудияб бергьенлъи ва гьарула Шамилие щулияб сахлъигун халатаб гIумро. Нилъ жеги рохизаризе ратила Шамилица жеги чIахIиял бергьенлъабаз.

**ЧАКЪАЛОВ**

*нилъер табигIат*



МагIарухъ хасел. ТIохъотIа росдада аскIоб гIурумухъ

### ЛЪАЗАБИ

ЧIадаколоб гьоркьохъеб школалъ ГIабдулаев Къебед Заурбеговичасе къураб аттестат 05 АБ 0043640 билун буго. Гьеб аттестат хIакъикъиябльун рикIкIунаро.

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 15.01.2016
Заказ ___